

# Pwogram Asistans Prim Asirans Sante

*Lwa sou Swen Abòdab (ACA) Asirans Sante  
Louvri Enskripsyon  
1ye Novanm - 15 Desanm*

## **Etap #1: Enskri nan yon Plan Asirans Sante APROUVE (obligatwa)**

Pou asistans ak enskripsyon nan Asirans: rele 1-844-441-4422 oswa vizite: <https://enroll.brhpc.org>

## **Etap #2: Enskri nan Pwogram Asistans Peman Prim (obligatwa)**

**NOUVO RÈG ENPÒTAN – TANPRI LI AK ATANSYON!**

Kliyan yo DWE enskri aktivman nan pwogram asistans prim lan chak ane nan <https://enroll.brhpc.org> oswa lè yo rele 1-844-441-4422. Nenpòt moun ki pa enskri dirèkteman, yo pral retire enskripsyon an pou 2025 epi yo PA fè okenn peman nan lavni.

## **Etap #3: Sèvi Ak CVS Copay Card Lè W Ranpli Yon Preskripsyon (obligatwa)**


Pou asistans pou kopeman medikaman, rele depatman sante lokal ou a.

## **Etap #4: Re-Sètifye Elijibilite Chak Ane Epi Pa Kite L Ekspire (obligatwa)**


Si kalifikasyon ou ekspire, pwogram nan p ap fè peman prim ou ankò. Pou asistans pou kalifikasyon Pwogram Asistans Medikaman Eta Florid, rele 1-844-381-2327.



Mwen pèdi asirans sante mwen an.  
Mwen te kontakte ADAP touswit pou mwen kapab asire mwen pa manke okenn doz medikaman VIH mwen yo.



Lè mwen antre nan nouvo lojman mwen, manadjè dosye mwen te ede mwen bay plan sante mwen adrès mwen an.  
Kounye a mwen pa janm rate okenn korespondans enpòtan.



Mwen resewva sitèlman anpil bòdwo ak avi nan men plan sante mwen an.  
Manadjè dosye mwen an te esplike mwen kisa ADAP bezwen nan men mwen pou yo kapab peye prim mwen yo san reta.

Pou plis enfòmasyon, kontakte [Broward Regional Health Planning Council](#) oswa patnè enskripsyon asirans sante nou an, [American Exchange](#) nan 1-844-441-4422.

**BRHPC**